

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa téh sok disebut *homo ludens*. Ku kituna manusa teu leupas tina unsur kaulinan. Nilik kana kamajuan jaman kiwari dina perkembangan téhnologi, barudak ayeuna geus loba nu kairut ku kaulinan modérn, nu jadi mopohokeun kaulinan nu aya di lingkungana, nu sacara langsung ngarobah kana sikep jeung kabiasaan. Tapi jaman kiwari masih aya kénéh kaulinan barudak tradisional di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.

Kabiasaan barudak kana kaulinan jaman baheula nepi ka jaman kiwari masih kénéh aya di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang. Unggal aya waktu luang, pangpangna nalika istirahat atawa pasosoré, hususna barudak leutik sok masih kénéh nyempetkeun waktu keur arulin jeung batur-baturna.

Désa Kebonkalapa téh salah sahiji désa nu aya di Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang. Ieu désa masih kaasup lembur ku sabab loba kénéh leuweung nu dikurilingan ku tangkal awi jeung pasawahan, katambah sinyal hapé sok luplep. Ditingali tina lokasi tempatna, ieu salah sahiji alesan pangna kaulinan barudak masih kénéh sok dipaké, ku sabab jauh tina kamodérenan anu geus ngarémbét ka unggal daérah dina umumna.

Dumasar *Kamus Umum Basa Sunda* (LBSS, 2007, kc. 507), ‘kaulinan’ asalna tina kecap ‘ulin’ anu hartina nyenangkeun haté ku udar-ider atawa ngalampahkeun perkara anu matak resep keur diri sorangan atawa jeung babaturan. Anapon ‘kaulinan’ nya éta perkara nu sok dipaké ulin jeung heuheureuyan. Kaulinan barudak téh mangrupa kagiatan anu gedé mangpaatna pikeun kamekaran psikologis, bibit tumuwuhna kaparigelan, karancagéan, jeung paripolah séjénna anu ngarojong kana proses mekarna jiwa, ahlak, tur moral barudak. Sagala sikep, jiwa, jeung gerak pisik pikeun mangsa nu bakal datang, lolobana ditangtukeun ku kagiatan kaulinan barudak. Kaulinan barudak mangrupa salah sahiji ciri has jembarna budaya Sunda, anu raket patalina jeung harga diri

atawa sélér bangsa. Saumpama hiji sélér bangsa leungit, tangtuna ngurangan kabeungharan atawa harga diri éta bangsa.

Unggal sélér bangsa di dunya umumna miboga kaulinan rahayat, hususna nu sok dipaké ulin ku barudak. Dina sababaraha sélér bangsa, di antarana urang Bali di Désa Trunyan, kaulinan bisa digolongkeun kana kaulinan rahayat nu sipatna sekuler (kaduniawian) jeung kaulinan nu sipatna sakral (Danandjaja, 2007, kc. 171). Ieu kagiatan kaasup folklor, ku sabab ditilik tina warisan lisan jeung ngaran kaulinan atawa alatna jeung aturanna. Kitu ogé di unggal wewengkon pasti béda-béda.

Kaulinan barudak ogé mangrupa produk kabudayaan anu dipibanda ku masarakat, ku sabab sumebarna turun-tumurun. Kabudayaan nya éta kabiasaan manusa nu aya dina kahirupan sapopoé jeung alamna. Hirup-huripna budaya Sunda, taya lian ti lingkungan sosial-budaya, norma-norma, jeung ajén-inajén séké sélér Sunda. Budaya Sunda dipanggul ku urang-urang Sunda nu hirup, tumuwuh dina lingkungan sosial-budaya Sunda, jeung maranéhna sadar maké norma, ajén, jeung budaya Sunda dina sagala aspék kahirupanana (Isnéndés, 2010, kc. 24).

Kaulinan barudak nu hirup kumbuh di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang miboga ajén-ajén moral nu nyamuni. Suryalaga (2010, kc. 17) nétélakeun yén ajén moral mangrupa kualitas sikep hirup dina tatanan moral/ahlak manusa, nu ngawengku genep aspék, nya éta: (1) moral manusa ka pangéran, (2) moral manusa ka pribadina, (3) moral manusa ka manusa séjénna, (4) moral manusa ka alam, (5) moral manusa ka waktu, jeung (6) moral manusa dina ngahontal karaharjaan lahir jeung batin.

Panalungtikan ajén-ajén moral nu nyangkaruk dina kaulinan barudak masih kénéh jarang, tapi aya sababaraha panalungtikan ngeunaan kaulinan barudak, salah sahijina nya éta panalungtikan skripsi nu judulna “Ajén Falsafah dina Kaulinan Tradisional Sunda di Kecamatan Batujajar pikeun Pangajaran Siswa Kelas VIII di SMP Bhakti Mulya Batujajar Kabupatén Bandung” nu dilakukeun ku Erlan Permata Sari dina taun 2007. Aya deui panalungtikan skripsi nu judulna “Ajén Atikan dina Kaulinan Barudak Lembur di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran di SD” nu dilakukeun Sri Mulyani dina taun 2007. Sarta panalungtikan skripsi “Kaulinan Barudak di Désa Tanjungwangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung (Ulikan Struktur jeung Sémiotik)” nu dilakukeun ku Aas Sri Mulyani taun 2015.

Ajén moral nu nyangkaruk dina kaulinan barudak nu aya di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang perlu ditalungtik sangkan nambahan pangaweruh ngeunaan ajén moral nu dituduhkeun dina unggal rumpaka kaulinan barudak hususna pikeun panulis umumna keur balaréa. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “Jenis jeung Ajén Moral Kaulinan Barudak di Desa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Kaulinan Barudak di Kelas VII SMP.”

## **1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Dina ieu panalungtikan didéskrripsikeun ngeunaan:

- 1) Rupa-rupa kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang;
- 2) Ajén moral dina kaulinan di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang;
- 3) Larapna kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang kana pangajaran Basa Sunda di Kelas VII SMP.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, aya sawatara rumusan masalah nu disusun dina wangun patalékan, di antarana:

- 1) Naon waé kaulinan barudak nu aya di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang?
- 2) Ajén moral naon waé nu nyampak dina kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang?
- 3) Luyu henteu kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang pikeun bahan pangajaran kaulinan barudak di Kelas VII SMP?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku, tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum nya éta pikeun mikanyaho ajén-ajén moral nu nyangkaruk dina kaulinan barudak nu aya di masarakat Sunda, hususna di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) Ngadéskripsikeun kaulinan barudak nu aya di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang;
- 2) Ngadéskripsikeun ajén moral nu nyampak dina kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang;
- 3) Ngadéskripsikeun larapna kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang pikeun bahan pangajaran kaulinan barudak di Kelas VII SMP.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Reza Wilyan, 2017

*AJÉN MORAL KAULINAN BARUDAK DI DÉSA KEBONKALAPA KECAMATAN CISARUA KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAULINAN BARUDAK DI KELAS VII SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku, mangpaat tina segi tioritis, mangpaat tina segi kawijakan, mangpaat tina segi praktis, jeung mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

#### **1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh kana ajén moral dina kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang, jeung bisa dijadikeun bahan pangajaran kaulinan barudak Kelas VII SMP.

#### **1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan**

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan nya éta dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan Pamaréntah Daérah, Dinas Pendidikan, Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan, sangkan ka hareupna ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran boh di Sakola formal boh informal.

#### **1.4.3 Mangpaat tina Segi Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh panalungtik ngeunaan jenis, ajén moral, jeung prak-prakanana dina unggal kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.

Pikeun masarakat, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun mikanyaho unggal kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.

Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran kaulinan barudak di Kelas VII SMP.

Pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan jenis, ajén moral, jeung prak-prakanana kaulinan barudak anu dilarapkeun dina pangajaran nu medar ngeunaan kaulinan barudak di Kelas VII SMP.

#### **1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial**

Reza Wilyan, 2017

*AJÉN MORAL KAULINAN BARUDAK DI DÉSA KEBONKALAPA KECAMATAN CISARUA KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAULINAN BARUDAK DI KELAS VII SMP*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber pangaweruh masarakat pikeun atikan nu dumasar kana kaarifan lokal, nu salah sahijina kaulinan barudak nu ngandung ajén moral, kalayan tetep dijaga jeung diwariskeun sacara turun-tumurun sangkan teu leungit dina kahirupan masarakatna.

### **1.5 Raraga Tinulis**

Ieu panalungtikan disusun jadi lima bab nya éta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (nu ngawengku mangpaat tioritis, kawijakan, mangpaat praktis, jeung isu jeung aksi sosial), jeung raraga tinulis.

Bab II medar ngeunaan tiori-tiori nu dijadikeun dadasar panalungtikan jeung posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmaan. Tiori-tiori nu dipedar ngawengku folklor, kaulinan barudak, ajén moral jeung bahan pangajaran. Dina kajian pustaka, panalungtik matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung tiori-tiori hasil tina panalungtikan nu geus dilakukeun ku para ahli.

Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, métode panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, jeung isu étik.

Bab IV medar hasil panalungtikan nya éta analisis data nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, ogé pedaran intina atawa analisis nu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina Bab II.

Bab V medar ngeunaan kumaha panalungtik napsirkeun hasil analisis panalungtikan. Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan jeung pedaran dina Bab IV nu dumasar kana rumusan masalah, nyieun implikasi jeung rékoméndasi nu ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.